*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 78 (25807)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 5 май — зæрдæвæрæны мæйы 5 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦИ
*Нуазыны доны фарстатыл ныхас*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

**Хæрзиуæг**

## Орден ын радтой

**Уæрæсейы Президент Владимир Путины Указмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны нациты иумæйаг æхсæнадон змæлд "Нæ Ирыстон"-ы советы сæрдар Лагкуты Вячеслав хорзæхджынгонд æрцыд "Фыдыбæстæйы раз сгуыхтдзинæдты тыххæй" 4-æм къæпхæны орденæй.**

**Бæстæйы Президенты Указ мыхуыргонд у барадон информацийы официалон порталы. Лагкуйы-фыртæн хæрзиуæг радтой "зæрдиаг æхсæнадон архайды æмæ бирæ азты дæргъы æнæхин куысты тыххæй".**

**Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: ацы азы мартъийы Лагкуты Вячеславы равзæрстой Цæгат Ирыстоны минæварæй Уæрæсейы Æхсæнадон палатæйы.**

*КУЧИТЫ Алыксандр*

**Культурæйы объект**

## Регионалон нысаниуæг

**Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл аивæдты училищæ ссис, регионалон нысаниуæг кæмæн ис, ахæм культурæйы объект.**



Уымæй размæ дзы уыдис историон-культурон экспертизæ æмæ бæстыхайæн бæрæггонд æрцыдис йæ культурон ахадындзинад.

— Экспертизæйы тыххæй хатдзæгтæ бакæсæн ис нæ сайты, цæмæй семæ базонгæ уой адæм. Дыууæ къуыримæ ницы уайдзæфтæ æрбацыд æмæ уæд сæрмагонд реестрмæ объект бахæссыны тыххæй бардзырд бацæттæ кодтам, — зæгъы культурон бынты объекттæ хъахъхъæныны комитеты сæрдар **Гæлуаты Ацæмæз**.

Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл аивæдты училищæйы бæстыхай арæзт æрцыд 1914 азы.

**Нæ уацхæссæг**

**Æмбырд**

## Кавказаг инвестицион равдыст æмæ йæ нысантæ

**Горæт Минеральные Водыйы цæуы фыццаг Кавказаг инвестицион равдыст. Уæрæсейы Хуссайраг зылды иннæ регионты минæвæрттимæ мадзалы архайы Цæгат Ирыстоны делегаци дæр.**

Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Сæргълæууæг **Михаил Мишустин** сарæзта æмбырд Цæгат Кавказы федералон зылды социалон-экономикон фарстаты рæзты Хицауадон къамисы уæнгтимæ. Мадзал ацыд "МинводыЭкспо", зæгъгæ, равдыстыты центрон фæзы. Архайдта дзы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** дæр.

Æмбырд байгом кодта Михаил Мишустин æмæ загъта нæ бæстæйы Президент Владимир Путины ныхæстæ, Цæгат Кавказы республикæтæн æппæт гæнæнтæ дæр кæй ис, сæ экономикон бæрæггæнæнты рæзты мадзæлттæн, уый.

— Кавказаг инвестицион стендты алыхуызон къабæзты, уыимæ, хъæууон хæдзарад, туризм, промышленност, арæзтад, энергетикæ æмæ транспорты цымыдисагдæр проекттæм кæсгæйæ, æз бамбæрстон, сæхи гæнæнтæ æмæ фадæттæ сын кæй ис логистикон маршруттæ аразынæн æмæ хи куыстады бæрцытæ фылдæр кæнынæн. Уый æнæфæсайгæ бындур у, Уæрæсейы Федерацийы Президент нæ размæ цы хæстæ æвæры, уыцы хъуыддæгтæ æххæст кæныны системон æмгуыстады, — загъта УФ-йы Хицауады Сæргълæууæг.

Михаил Мишустин бафиппайдта, Цæгат Кавказы регионты химæ æлвасынады инвестицион хъомыс. Куыд загъта, афтæмæй фарон сæйраг капиталмæ сæ æвæрæнты бæрц уыдис 8 процентты. Æнтыстджын рæзты бæрæггæнæнтæ уыдис промышленносты. Сырæзт хи продукци уадзыны товарты бæрц дæр. Уымæй уæлдай ма чиновник фæнысан кодта, алы субъекты зылды экономикон рæзтыл дæр кæй бакуыстой, уыцы фарста.

— Æппæт регионты дæр бæрæггонд цыдисты сæйрагдæр фондз проекты, инвестициотæм чи хауы, ахæмтæ. Уыдон сты, уæлдай тыхджындæр къабæзты — агропромышленност æмæ фысымуæтты индустрийы. Сæ фылдæры фæдыл ацы равдысты дзырдтат. Уыдон регионты бюджетæн æрхастой æфтиаг 240 миллиард сомы æмæ фæахъаз сты 9 мин куысты бынаты саразынæн. 12 инвестицион проекты дзы ныридæгæн кæронмæ фесты. 79 та сты лæуд алыхуызон къæпхæнтыл.

Национ проекттæ æххæст кæныны бындурыл 2022 азы Цæгат Кавказы федералон зылды арæзт æрцыд, социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм 1100 объекты. Сæ иумæйаг æхцайы фæрæзтæ сыстадысты 94 миллиард сомы, "кассæ сæххæст кæнын" кæй хонынц, уыцы бæрæггæнæнтæм гæсгæ та — 86,81 миллиард сомы кæнæ 92, 4 проценты. Ацы аз арæзт, реконструкци æмæ цалцæг цæуы 1100 социалон объекты, уыимæ — 131 скъолайы, 14 сывæллæтты скъолайы агъоммæйы организацитæ, 290 æнæниздзинад хъахъхъæнынады объекттæ. Регионты социалон-экономикон бæрæггæнæнтæ дарддæр æвдисынц сæ фидар хъомысдзинад.



Æмбырды боны фæткы фарстатæ æвзаргæйæ, УФ-йы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды **Юрий Чайка** арфæгард кæна, ахæмтæ, — загъта Юрий Чайка.

Кавказаг инвестицион равдысты РЦИ-Аланийы Хицауады Сæргълæууæг **Дзанайты Барисæн** та уыдис фембæлд нæ республикæйы рæзты программæйы директор **Антон Финогеевимæ**. Ныхас цыдис республикæ æмæ паддзахадон корпорацийы æмгуыстады фарстатыл. Æркастысты иумæйаг проектты нысантæм дæр. Рæзты институт абон нæ республикæйæн цы æххуысы мадзæлттæ дæтты, уыдонæй иу у Дзæуджыхъæуы рæзты мастер-пъланыл бакусыны проект. Ацы архайд цæуы, нæ бæстæйы Президент Владимир Путин æмæ нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы фембæлды рæстæг Президент кæй бахæс кодта, уыцы нысанты бындурыл.

Бæлвырдгонд æрцыд, горæты ног микрорайонтæ саразын, фæзуæтты комплексон рæзтыл бацархайыны мадзæлттимæ проект. Проектыл бакуысты фарста æххæстгонд цæудзæн 2023 азы æртыккаг кварталмæ.

ракодта **Владимир Путин** æмæ Михаил Мишустинæн, Уæрæсейы Хуссайраг регионмæ бæлвырд сæ хъус кæй дарынц, уый фæдыл. Куыд загъта, афтæмæй комплексон куысты руаджы фидаргонд æрцыд, 2030 азы онг Цæгат Кавказы зылды социалон-экономикон регионы стратеги.

— Æнæ зæгъгæ нæй, Хуссайраг зылды абоны онг дæр æнæххæст фарстатæ кæй баззад, уыдоны тыххæй. Се 'хсæн æппæты лыггæнинагдæр сты фæсаууон экономикæ æмæ æнæзакъонæй куысты бынæттæ. Росстаты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, æнæзакъонæй куысты бынæтты лæуд адæмы нымæц фылдæр у Уæрæсейы Федерацийы æмæ ацы ахсджиаг фарста фылдæр бафиппайæн ис чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады. Уый тыххæй абон хъæуы æппæт фадæттæ æмæ уавæртæ аразын, базарады архайджыты закъоны бындурыл архайдмæ чи разæн-

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Коммуналон хæдзарад**

## Хæтæлтæ баихсыдысты

**Саха къæвдайы рæстæг Дзæуджыхъæуы уарыны дон иуварсгæнæг канализацийы хæтæлтæ стыр зындзинæдтæ бавзарынц.**

Канализацийы иуæй-иу хæтæлтæ бынтондæр баихсыдысты. Горæты администрацийы пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, уарыны дон раздæрау æппæтæй фылдæр бамбырд вæййы Марковы æмæ Дзанайы-фырты уынгты тигъыл. Муниципалон унитарон куыстуат "Владсток"-ы уарыны доны хызты службæйы хицау **Бдайциаты Русланы** ныхасмæ гæсгæ, амынд ран дон бафæстиат вæййы 40-50 минуты дæргъы. Фæндагыл цыды архайджытæ кæй бавзарынц, уыцы къуыхцытæ фæкъаддæр кæныны фадат кæй фæрцы ис, амынд ран цалдæр ахæм куысты æххæстгонд æрцыдысты.

— Ацы ран уарыны дон цæмæй ма æмбырд кæна, уый тыххæй дзы сæвæрдтам, 500 миллиметры кæй диаметр у, ахæм иугæнæг хætæл, æмæ ныртæккæ ам дон ацæуы раздæрæй рæвдздæр, — загъта Бдайцийы-фырт.

Специалистты ныхасмæ гæсгæ, 1250 миллиметры кæй диаметр у, Ватутины уынджы 116-118 хæдзæртты æхсæн коллекторы ахæм иугæнæг хæтæлы арæзтад фæахъаз уыдзæн Марковы æмæ Дзанайы-фырты уынгты тигъыл уавæр фæнывыл кæнынæн. Уымæй уæлдай, уарыны дон иуварсгæнæг хæтæлтыл фыдбылызон-ногаразæн куыстытæ сæххæст кæныны фæстæ Виноградныйы уынджы, стæй Владикавказаг æмæ Владивостокаг уынгты тигъыл лыггæнинаг фарстатæ иуварсгонд æрцыдысты. Мæскуыйаг уынджы 21-æм хæдзары раз (автовагзалмæ 'ввахс ран) лыггæнинаг фарста сæвзæрд зæххы дæлвæзон уавæры аххосæй. "Къостайы проспектæй ардæм æрбакæлæг дон æрбаласы бирæ быræттæ, къалиутæ, сыфтæр æмæ полимерон дзæкъултæ", — зæгъы Бдайцийы-фырт.

Дунеон уынджы уарыны дон иуварсгæнæг канализаци раууатон уавæры уыд. Ацы ран канализацион хæтæлтæ ногæй саразыны фæдыл куыстытæ сæххæст кодтой: 500 миллиметры кæй диаметр у, амынд ран 70 метры дæргъæн ахæм хæтæлтæ сæвæрдтой, стæй дзы Ног горæтыл цæуæг нырыккон коллектор кæронмæ сарæзтой, æмæ афтæмæй уавæр фæнывыл. Ныридæгæн Сæрибары фæзы æмæ Сабырдзинады проспектмæ цæуæг уынгты сæвæрдтой уарыны дон æмбырдгæнæнтæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Акци**

## Талатæ ныссагътой

**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ æмæ скъоладзаутæ архайдтой æппæтуæрæсеон акци "Номарæн бæласдон"-ы.**

Амынд хайады кусджытæ, стæй Ветеранты æмæ Æхсæнадон советты уæнгтæ районы фæзуатыл ныссагътой сырх тулдзы талатæ. Фæсивæдимæ патриотон куыст парахатæй цæуы.

Пъæлицæйы кусджытæ архайынц рæзгæ фæлтæр пайдайаг мадзæлттæм æрбахонынил. Дзыллон патриотон мадзалы архайыны тыххæй барадхъахъхъæнджыты фæндонæн разыйы дзуапп ратгæйæ, Алагиры 2-æм æмæ 5-æм скъолаты кадеттæ æмæ æвзонг æфсæддонтæ пъæлицæйы кусджытимæ иумæ амынд талатæ садзыны хъуыддаджы архайдтой.

"Номарæн бæласдон" банымайæн ис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг знагыл фæуæлахизуæвæг советон æфсæддонты сгуыхтдзинадæн кадыл.




Экологон-патриотон проекты сæйраг хæс у хæсты хъæбатырты тыххæй историон номарæн бахъахъхъæнын æмæ алыхуызон фæлтæрты минæвæртты 'хсæн бастдзинад фидар кæнын.

"Номарæн бæласдон"-ы фæрцы æрыгон фæлтæрæн ис дæсгай азты размæ æрцæуæг фыдбылызы зианы бæрц рахатыны фадат.

Раздæр куыд уыд, афтæ ацы аз дæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг алы фæмардуæвæг адæймаджы ном ссарынæн 18 мартъийæ 22 июны онг нæ бæстæйы ныссадздзысты 27 милуан бæласы.

**РУБАЙТЫ Нелли**

**Фæлгонцад**

## Дзæуджыхъæуы саив кæндзысты Пушкины уынджы аллейæ

**Фæскомцæдисон парчы рæзты цæуæг аллейæ аив кæнынц амалхъом адæймаг КÆРКУЫСТЫ Сæрмæты хцайы фæрæзтæй.**

— Ныридæгæн куыст бацыд йæ тæмæны. Сæвæрдзысты дзы бандæттæ, ныссадздзысты туйæ бæлæстæ æмæ дидинджытæ. Ныр уал парчы бацæуæнæй Горькийы уынджы 'рдæм æрцауыгътой электрон цырæгътæ. Боныхъæд нæ чысыл бакъуылымпы кодта, фæлæ къуыримæ æппæт куыстытæ дæр фæуыдзысты, — зæгъы Ирыстойнаг префектурæйы разамонæг **Дзотты Ацæмæз.**

Æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта, бизнес-æхсæнады минæвæрттæ активонæй кæй архайынц горæты æхсæнадон бынæттæ саив кæныныл. Сæ руаджы ног кæнынц Колыты Аксойы номыл сквер. Ног кæнынц парапет, æвæрынц дзы къæйдур, фæстæдæр та сæвæрдзысты вазонтæ, ныссадздзысты дидинджытæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Форум**

## Инклюзивон мадзал Тæмисчъы

**1-7 июны Тæмисчъы цæудзæн фæндзæм æппæтуæрæсеон инклюзивон ахуырады фæсивæдон форум "Æнæ арæнтæй-23".**

Архайдзæн дзы 240 адæймаджы.

"Нæ хæс у паддзахады, æхсæнады æмæ хицæн адæймæгты æргом, йæ æнæниздзинады уавæры аххосæй йе 'мгæрттæй иппæрд чи у, уыцы сывæллæттæм аздахын. Йæ архайджытæн уый дæтты фадат хи равдисынæн, йе 'мгæрттимæ ныхас кæнынæн. Форумы архайынмæ куырдиæттæ чи балæвæрдта, уыдон æнхъæлмæ кæсынц ног гæнæнтæм", — радзырдта хæрзаудæн фонд "Быть добру"-йы разамонæг, республикæйы Æхсæнадон палатæйы уæнг **Хъуысаты Амырхан.**

Форумы рæстæг арæзт цæудзысты ахуырадон тренингтæ, фембæлдтытæ тренертимæ, проекттæ аразæг специалисттимæ, æхсæнадон æмæ политикон архайджытимæ, культурæ æмæ спорты зындгонд адæймæгтимæ.

Мадзал фыццаг хатт арæзт æрцыд 2017 азы, уæд дзы архайдта 80 æрыгон чызджы æмæ лæппуйы.

**ТМЕНАТЫ Агуындæ**

**Дзырды фарн**

***Æгæр худтæй зæрдæ рисгæ кæны...***

*БОЦИТЫ Барон*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **5 майы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **19-24 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **19-21 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,18

**Хурыскаст** — 04,48
**Хурныгуылд** — 19,06

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 79,81 ↑
**Евро** — 87,57 ↑

12+

Хæрзиуæг

# Фидараты хъæбатыр Дзантемыр

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы Украинæйы архайæг Фидараты Дзантемыр хорзæхгонд æрцыд Хъæбатырдзинады орденæй.**



Батальон "Сæрмæт"-ы ротæйы командæгæнæг уæвгæйæ, Фидараты Дзантемыр йæ зæрдæйы сконд нæ ивы, Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ сыстæг иннæ æфсæддонтæн фæзминаг вæййы кæддæриддæр. Йæ фæндаг равзæрста æмбаргæйæ. 2009 азы Дзæуджыхъæуы каст фæцис Кировы номыл æфсæддон Цæгат-Кавказаг сырхтырысаджын институт.

Уый фæстæ каст фæцис замполитты курсытæ. Уырдыгæй йæ арвыстой Волгограды облæстмæ, сæрмагонд нысаниуæджы хицæн бригадæмæ. Фидараты Дзантемыр службæ кодта хæстон нысаниуæджы батальоны комендантон ротæйы командæгæнæгæй. Запасмæ рацыд 2021 азы, уый фæстæ службæ кодта Æфхæрдтæ æххæст кæныны федералон управленийы. Мобилизацимæ йæм фæсидтысты 2022 азы, октябры, æрвыст æрцыд Украинæмæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы бынатмæ.

Хъæбатырдзинады орден радтынц, хиуыл нæ ахъуыды кæнгæйæ, лæгдзинад, æвзыгъддзинад, йæ цардæн тæссагдзинæдтæ бавзаргæйæ, йæ хæстон хæстæ æххæст кæнгæйæ чи равдисы, уыдонæн.

**Нæ уацхæссæг**

# Кавказаг инвестицион равдыст æмæ йæ нысантæ

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

— Нæ бæстæйы рæзты раззагдæр институттимæ активон куыст вазыгджын у Цæгат Ирыстонæн. Нæ цæст дарæм экономикæйы æппæт къабæзты рæзтмæ дæр. Уыдон та сты туризм, промышленност, хъæуууон хæдзарад, транспортон-логистикон комплекс. Æмæ ацы ран зынгæ бынат ахсы нæ æмгуыстад тыхджын корпорацитимæ, уæлдайдæр ДОМ. РФ-имæ. Ныридæгæн уынæм æнтыстджын бæрæггæнæнтæ — æнхъæлмæ кæсæм нæ иумæйаг куыст мастер-пъланмæ, кæцы нын нæ республикæйы æддаг хуыз бындуронæй аивынæн ахъаз фæуыдзæн. Ацы ран, æнæмæнг, зæрдыл дарæм нæ республикæйы цæрджыты хъуыдытæ дæр. Абон ныхас цæуы Цæгат Ирыстоны варианттæ уæрæхдæр кæнынил. Æппæтфадатджын горæтаг алфамбылайы арæзтад социалон æмæ туристон инфраструктурæйы проектты архайынæн. Нæ зæрды ис ног цымыдисаг проекттæ райдайын æмæ нæ гæнæнтæй спайда кæнын, — загъта Дзанайты Барис.

Æппæтфадатджын горæтаг алфамбылайы проектты нысанты бæрæггонд цæуы æхсæнадон фæзуæттæ æмæ архитектурон концепциты дизайн. Дзæуджыхъæуы ахæм механизмæй пайдагонд цыдис Жуковскийы номыл сывæллætты парчы æмæ Терчы былгæрæтты рацарæзты рæстæг.

— Цæгат Ирыстоны цæрынц æмæ кусынц фæлтæрдджын специалисттæ — горæтараздлытæ, архитектортæ, проектараздлытæ, амалхъомтæ æмæ активисттæ. Мæ зæрдæ дарын, ахæм специалистты фæрцы нæ республикæйы кæй фæзындзæн уæлдæр амынд Дзæуджыхъæуы мастер-пъланы нысантæ сæххæст кæнынæн экспертон къорд. Сæ сæххæст кæнынæн та хъæуы æнæмæнг архайды комплексон процесс, — загъта Антон Финогенов.

Дзанайты Барис бабæрæг кодта Кавказаг инвестицион равдысты фæз æмæ йын нæ республикæйы проекттæ æмæ республикон экспозициты фæдыл бæстон радзырдта РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыр**.

Цæгат Ирыстоны стендыл презентацигонд цыдысты, хъомысджын инвестортæн нæ республикæ кæй амоны, абон æххæстгонд чи цæуы, уыцы проекттæ æмæ фæстæ.

Дзанайты Барис фæнысан кодта равдысты вазыгджын куыстыты ахадындзинад.

— Алы регионмæ дæр йæхи гæнæнтæ ис, рæзын кæнын кæй хъæуы, ахæмтæ. Æмæ уый у инвестицион къабаз. Цæгат Ирыстон ацы хъуыддаджы ницæмæй хицæн кæны. Инвестортæн нæ регионы ис æппæт хорз уавæртæ дæр. Инвестициты зынгæ бæрцуат арæзт цæуы хъæууон хæдзарады, транспортон инфраструктурæ, социалон сферæйы рæзтæн, уымæй уæлдай ма национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ æххæст кæныны нысантæн. Дызæрдыггаг нæу, нæ республикæйы абон вазыгджындæр къабазыл нымад кæй у туризм, — бахахх кодта премьер-министр.

Цæгат Ирыстоны стенды инвестицион проектты ‘хсæн ис нæ республикæйы туристон комплексы арæзтад дæр. Уый у фысымуат "Глэмпинг" 80 бынатимæ, Адайы комы. Объекты арæзтады хыгъды сты сывæллæтты хъазæн фæзтæ, спа-центр, гастрономон бынæттæ. Комплекс куы скуса, уæд дзы уыдзæн 50 куысты бынаты.

Равдысты уазджытæн фадат ис нæ республикæйы хæрзад продукциимæ базонгæ уæвынæн дæр. 60 квадратон метры цы стенд ахсы, уый æвдисы регионы бирæнацион æмæ бирæ конфесситы ахадындзинад, нациты традицитæ æмæ æгъдæуттæ бахъахъхъæнын æмæ республикæйы рæзты нысантæ.

Цæгат Ирыстоны делегаци архайдзæн бадзырдтæ бафыссыны, хъуыддаджы фембæлдтытæ æмæ алыхуызон дискусситы мадзæлтты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Пресс-конференци

# Ныхас — нуазыны доны фарстатыл

**2027 азмæ Цæгат Кавказы экономикон рæзты программæ æххæст кæнгæйæ, доны тарифты аргъ цæудзæн дæлæмæ, цæрджытæн фиддонты аргъыл нæ бафтдзæн — ацы æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл цыд ныхас, "Донæй æфсадын æмæ дон уадзыны республикон куыстуат"-ы директор ХЪАРАТЫ Тимур цы пресс-конференци сарæзта, уым.**



Доны фарста банывыл кæнынæн Цæгат Ирыстон сыхаг Дагестан æмæ Мæхъæлы республикæтимæ архайы Цæгат Кавказы экономикон рæзты фæдыл федералон программæйы. Донæй æфсадыны куыст банывыл кæнынæн хи фæрæзтæ фаг не сты. Уымæ гæсгæ программæйы архайд ныфс дæтты, уавæр хæстæгдæр рæстæг нывыл кæнын кæй райдайдзæн, уымæн. Рæхджы сбæрæг уыдзысты куыст æххæстгæнæг организацитæ, æмæ программæ райдайдзæн царды цæуын.

Донцъирæнтæй ист цæуы 320 мин кубометры дон, уыдонæй æрмæст 70-æн цæуы фыст, иннæ хай ивгъуыйы иувæрсты. Сæйраг аххосаг — техникон æмæ экономикон фарстатæ: дондзæуæнты хыз æдзæллаг уавæры ис, егъау æмæ астæуккаг бизнесы куыстуæттæ амалгонд донæй пайда кæнынц æнæзакъонæй. Майы бæрæгбæтты фæстæ сæ бæрæг кæндзысты, ныридæгæн та архайд цæуы сæрмагонд кусæнгæрзтæ самал кæнынил. Цыбыр рæстæгмæ цы куыстуæттæ бабæрæг кодтой доны хæдзарады минæвæрттæ, уым иртæстой, донæй пайда кæныны æгъдæуттæ дзы хæлд кæй цæуынц, уый. Куыстуæттæ 6-8 метры арфы цы дондзæуæн хæтæлтæ бауагътой, уыдоны зианты бæрц схызт 32 милуан соммæ. Бæрæгбæтты фæстæ доны куыстуат самал кæндзæн, чи сæ иртасдзæн, ахæм кусæнгæрзтæ.

Архайд цæуы аварион службæйы куыст банывыл кæнынил. Мæймæ диспетчертæм цыд 100-150 куырдиаты, æххæст дзы кодтой æрмæст сæ иу процент. Ныр уавæр ивы, уыцы нымæц ахызт 82%, куыстуат лизингæй амал кæны хи техникæ, 30-40% бафтыд кусджыты мыздыл. Æртæ мæйы кæуыл цæуы, уыцы куыстуатæн уый чысыл æнтыстдзинад нæу.

Паддзахадон унитарон куыстуаты хай ссис Дзæуджыхъæу, афæдзы кæронмæ сыл бафтдзысты Мæздæджы, Кировы æмæ Горæтгæрон районтæ. Фидæн аз та — Рахизфарсы, Æрæфы, Дыгуры æмæ Алагиры районтæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Уæрæсейы наукæты академийы

# Журнал "Фидиуæг"-ыл афæлгæст

**Рухс федта Уæрæсейы наукæты академийы Дзæуджыхъæуы наукон центры журнал "Фидиуæг"-ы 2023 азы фыццæгæм номыр.**

Ацы аз райдыдта рубрикæйæ "Опыт популярной хрестоматии осетинской малой прозы". Мыхуыргонд дзы цæуы Барахъты Гинойы новеллæ "Красаира". Йæ хъуыдытæ йыл ныффыста рубрикæйы амонæг, филологон наукæты доктор **Хуыгаты Ирлан**.

Рагон астæуккаг æнусты Ирыстон æмæ Кавказы, бронзæйы æнусы цыртдзæвæнтæ Стыр Лиахвæйы доны был, Стыр фæзы хъæуы цур дыууæ зæппадзы тыххæй фыссы историон наукæты кандидат, рубрикæ "Фыдыбæстæйы къуым"-ы автор **Чсиаты Владимир**. Афтæ зæгъæн ис, æмæ бынæттон цæрджыты культурон рæзт баст у ацы цыртдзæвæнты геостратегион бынатимæ. Цы æрмæджытæ дзы ссардтой, уыдон дзурæг сты бынæттон цæрджыты уыцы рæстæджы культурон æмæ экономикон бастдзинæдтыл Фæскавказ, Цæгат Кавказ, Раззаг Ази æмæ Цæгат Причерноморьеимæ.

"Истори"-йы рубрикæйы бынмæ уæ историон наукæты доктор **Цориты Ингæ** базонгæ кæндзæн Нарты кадджытимæ баст историон хабæрттимæ. 2023 аз "Нартиадæ"-йы аз кæй расидтысты, уымæ гæсгæ ацы уацы иртæстгонд цæуы, æнусæй фылдæр кæуыл цæуы, ирон адæмы уыцы Нарты эпос.

Дарддæр журналы мыхуыргонд цæуы историон наукæты доктор **Туаллæгты Аланы** уац "Ныхасы историмæ"-йы дыккæгæм хай. Ныхас у сæрмагонд æмбарынады археологон-архитектурон цыртдзæвæн. Уæлдай æргом дзы здæхт цæуы ирон адæмы эпосы æрмæджытæм.




Цæгат Кавказы зындгонд ахуыргонд **Дзидзойты Валерийы** сфæлдыстадимæ уæ базонгæ кæндзысты Кæсæг-Балхъары паддзахадон университеты профессортæ **Петр Кузьминов** æмæ **Анжелæ Журтова**. Æрæджы мыхуыры рацыдысты ахуыргонды уацты æмбырдгæндтæ цыппар томæй. Уырдæм бахастой йæ иртасæн куыстыты сæйрагдæртæ.

Нæ фыдæлтæ дæсны уыдысты æрхъуыдымæ. Уыимæ, æрхъуыды кодтой алыхуызон хиирхæфсæн мадзæлттæ. Бирæ кæфтыты фæзмыдтой сырдты кæнæ фосы. Уыдонимæ "Гогызы кафт" дæр. Ис ын хъæлдзæг, хъазæн нысаниуæг. Бæлвырддæр ацы кафты худæг æмæ мифологон нысаниуæджы тыххæй ныффыста филологон наукæты кандидат **Сæлбиты Тамерлан**.

Фæстаг æнусы æмбисы дæргъы Цæгат Кавказы Мидæгрæбинаг æхсæрдзæнты уавæры тыххæй фыссы **Тауаситы Руслан**. 1977 азы ацы ран нымад уыд 12 æхсæрдзæны, ныртæккæ та дзы банымадтой 30. Арæзт æрцыд ацы объекты картæ æмæ таблицæ. Зæххы къорийы климæт тæвддæргæнгæ кæй цæуы, уый аххосæй æхсæрдзæнтæ тайынц. Чи зоны, Сæнайы хохы аххос дæр дзы ис.

Дæлдæр лæвæрд цæуы историон наукæты доктор **Дзаттиаты Русланы** рецензи **Лидия Нечаевайы** чиныг "Происхождение осетин по данным погребальных сооружений"-мæ. Бирæ азты дæргъы аланты зæппадзтæ иртасгæйæ, автор æрцыд, ирон адæм æмæ алантæ иу адæм сты, зæгъгæ, ахæм хъуыдымæ. Уыцы хъуыды бирæты зæрдæмæ нæ фæцыд, ныр йæхи "аланты фæдонтыл" чи нымайы, уыдоны. Уымæ гæсгæ йæм лæбурдтытæ кодтой алырдыгæй.

Дарддæр ма журнал мыхуыр кæны сыхаг республикæты ахуыргæндты цымыдисаг уацтæ.

Æрæджы Дзæуджыхъæуы наукон центр сбæрæг кодта йæ бындурæвæрæг, зындгонд математик, Уæрæсейы Федерацийы наукæйы сгуыхт кусæг, профессор **Къусраты Анатолийы** 70 азы юбилей. Уый фæдыл журналы кæронбæттæны мыхуыргонд цæуы интервью юбилыримæ "Иу адæмыхаттæн дæр æнæ наукæ фидæн нæй!" (1999) æмæ **Цыбырты Людвигы** очерк "Ученый и организатор науки и образования" æмæ æндæртæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Ничи ферон, ницы ферох

# Лисичанскы бынмæ карз хæстыты...




**Мæ фыстæг у мæ фыдыфыд, джызæйлаг Куындыхаты Гаппойы фырт Хъамболаты тыххæй. Хæрз чысыл ма куы уыдис, уæд æнæ фыдæй баззад. Йæ мадæн уыд иунæг сывæллон...**

Дзæуджыхъæуы бухгалтеры курсытæ каст куы фæци, уæд райдыдта кусын Джызæлы колхозы. Фæстæдæр йæ цард баиу кодта Хъодзаты Темырболаты чызг Надяимæ. Райгуырд сын æртæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Тынг хъыг кодтой ныййарджытæ, кæстæр чызг Азæ куы фæрынчын æмæ куы амард, уæд. Фæлæ хъæддых фæлæуыдысты, цыппар сывæллоны ма хæссын хъуыд. Бирæ фæрныг хъуыддæгтæ скæнын сæ фæндыдис йе 'мкъаимæ. Фæлæ сын Фыдыбæстæйы Стыр хæст ахаста сæ рæсугъд фæндтæ.



1942 азы украинаг горæт Лисичанскы цыдис карз хæст. Хъамболат уæззау цæфæй бахауд госпитæлмæ æмæ нал фервæзт. Ныгæд æрцыд Лисичанскы Дибровкæйы уынджы иумæйаг ингæны. Нал федта Хъамболат, куыд байрæзтысты йæ цыппар хъæбулы, уый.

Йæ хистæр фырт Карл хæсты фæстæ йæ домбай куысты тыххæй райста æртæ майданы. Хъамболат куыд бæллыд, афтæ бирæ систы йæ бинонтæ: йæ хистæр фырт Карлæн — фондз сывæллоны, иннæ фырт Юрийæн — дыууæ чызджы æмæ дыууæ лæппуйы, кæстæр фырт Русланæн ис цыппар чызджы. Сæ иунæг хо Валяйæн Хъæрæцатæй рацыд æртæ лæппуйы.

Хъамболаты цотæй иу дæр удæгас нал у. Фæлæ сæ фæстæ цы цот æмæ цоты цот ныууагътой, уыдоны нымæц цыппор фондзæй ахызт. Кæд украинаг зæххыл ныгæд æрцыд, уæддæр ын йæ райгуырæн хъæу Джызæлы дæр ис цырт. Ардæм æрбамбырд вæййынц цоты цот Уæлахизы бон. Никуы уыдзæн рох йæ ном Куындыхаты Хъамболатæн.

Ныртæккæ Украинæйы цæуы хæст. Хæстытæ цæуынц Лисичанскы дæр, мæ фыдыфыд кæм ныгæд ис, уым. Националисттæ адæмыл нæ ауæрдынц, пырх кæнынц Советон Цæдисы салдæтты ингæнтæ. Мах тынг фæнды, дунейы сабырдзинад куыд уа, уый...

**КУЫНДЫХАТЫ Беллæ, Дæллаг Санибайы Æгъуызарты Тамерланы номыл скъолайы ахуыры хайады сæргълæууæг**

Курдиæтты ерыс

# Бадзырд бафыстой

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты студенттимæ уыд фембæлд национ аивадон курдиæтты ерыс "Artmasters"-ы разамонæг Борислав ВОЛОДИН æмæ РЦИ-Аланийы культурæйы министр ГАЛАЗТЫ Эдуардæн.**



Мадзалы фæлгæты Борислав Володин æмæ Галазты Эдуард бафыстой бадзырд.

— Цæгат Кавказы федералон зылды ис бирæ курдиатджын фæсивæд, æмæ мын хъыг вæййы, нæ ерысмæ ацы зылдæй чысыл адæм куы 'рбарвитынц, уæд. Проект арæзт у Уæрæсейы курдиатджын фæсивæдæн медиа-кусджыты бæрндзинад бавдисыны тыххæй. Оператортæ, уацхæсджытæ æмæ кадры ауон йæ хæстæ чи 'ххæст кæны, уыцы иннæ кусджыты



бæрндзинады тыххæй хъæуы фылдæр зонын æмæ амонын, — загъта Борислав Володин.

"Artmasters" у аивадон къабæзты куыстхъом, арæхстджын фæсивæды фæз. Ам иумæйаг ерысмæ ис бадæттæн куырдиат, ерысы кæрон та хи фыст проекттæ рахæссынц специалистты размæ æмæ уый фæрцы ссарынц бæллиццаг куыст.

Фембæлды рæстæг ма Борислав Володин æмæ Галазты Эдуард бафыстой фидæны аивадон æмгуыстады тыххæй бадзырд.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**
**Къамтæ систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Фæндагон фæтк

# Конкурс "Æдас цалх"

**Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады фæндагыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы управлени фадæттæ кæмæн сарæзта, Дзæуджыхъæуы ахуырадон центр "Бæрзæнд"-ы бындурыл ацыд ахæм æрвылазон горæтаг конкурс "Æдас цалх".**




Горæты скъоладзаутæй арæзт командæтæ ерыс кодтой фæндагыл æдасæй цæуыны фæтк зонынæй æмæ фыццаградон медицинон æххуыс кæнынæй. Конкурсы уæлахиздзаутæ рацæудзысты ерысты регионалон къæпхæнмæ æмæ фæстæдæр Цæгат Ирыстоны кад хъахъхъæндзысты федералон ерысты.

— Фæндагыл æдасæй цæуыны фæтк зоныны æууæлæн ис стыр ахадындзинад. Адæм ацы фæтк цæмæй æххæст кæной, конкурс "Æдас цалх" уымæн ахъаз кæны, — загъта амынд министрады Æхсæнадон советы уæнг **Виктор Ревегук**.

**Нæ уацхæссæг**

Барад

# Наркотик æм ссардтой

**Амæй размæ тæрхонгонд кæмæн уыд, Кировы районы прокуратурæ тæрхоны рæстæг уыцы елхотаг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.**

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 228 статьяйы 2 хайы ("Стыр бæрцæй наркотикон фæрæзтæ, ауæй кæнынмæ сæ нæ хъавгæйæ, самал кæнын æмæ сæ дарын") амынд фыдракæнд саразынæй.

Барадхъахъхъæнджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй фарон июлы закъонхалæг нæлгоймаг хæдæвзæрд гæны сыфтæ æмæ цъуппытæ æртыдта æмæ сæ полимерон дзæкъулы бафснайдта. Фæлæ пъæлицæйы кусджытæ ацы нæлгоймаджы баурæдтой æмæ йæм наркотикон фæрæзимæ дзæкъул ссардтой. Закъонхалæг адæймаг амынд фыдракæнд сарæзта фарон августы дæр. Тæлæтгонд наркотикон буаргъæды уæз рауад 545 граммæй фылдæр.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон нæлгоймагæн рахаста 4 азы дæргъы карз фæткы ахæстоны фæбадыны тæрхон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

## 8 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10 Х/ф "Горячий снег" 12+
08.10 Х/ф "Летят журавли" 12+
10.15 Х/ф "На войне как на войне" 12+
12.15 Встречи на Эльбе 12+
13.10 Х/ф "Освобождение". "Направление главного удара" 12+
15.35 Х/ф "Освобождение". "Битва за Берлин" 12+
17.05 Х/ф "Освобождение". "Последний штурм" 12+
18.30 Концерт "Спасибо за верность, потомки!" 12+
21.00 Время
21.35 Х/ф "Красный призрак" 16+
23.30 Х/ф "Уроки фарси" 16+
01.50, 02.25, 03.00, 03.35, 04.10 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.30 Х/ф "С приветом, Козаностра" 16+
07.10 Х/ф "Дождаться любви" 12+
11.00, 17.00, 20.00 Вести
11.50 Х/ф "Малая земля. Герои без ретуши" 12+
12.40 Т/с "Перекати-поле" 16+
17.50 Х/ф "Пальма" 6+
20.45 Вести. Местное время
21.00 Х/ф "Фамильное гнездо" 12+
00.30 Х/ф "Прекрасные создания" 12+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" - канал "Россия 1"**
20.45 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" - канал "Россия 24"**
15.00 Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.40, 03.40 Алтарь Победы 0+
05.35, 08.20 Х/ф "Дед Морозов" 16+
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 Сегодня
10.20 Х/ф "Мамкина звездочка" 16+
14.35, 16.20 Х/ф "Бессмертные" 12+
17.00, 19.35 Х/ф "Позывной "Журавли" 16+
22.20 Shaman. Я русский 16+
00.15 Захар Прилепин. Уроки русского 12+
00.40 Основано на реальных событиях 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 05.40, 06.20, 07.05 Т/с "Чужой район-3" 16+
07.55, 02.25 Х/ф "Варвара-краса, длинная коса" 0+
09.35, 03.40 Х/ф "Огонь, вода и медные трубы" 6+
11.15 Х/ф "Три орешка для Золушки" 0+
13.10 Х/ф "Пес Барбос и необычный кросс" 12+
13.15 Х/ф "Самогонщики" 12+
13.40 Х/ф "Солдат Иван Бровкин" 12+
15.30 Х/ф "Иван Бровкин на целине" 12+
17.25, 18.25, 19.20, 20.20, 21.15, 22.15 Т/с "Чужие крылья" 16+
23.10, 00.05, 00.50, 01.40 Т/с "Снайпер. Герой сопротивления" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Библейский сюжет 16+
07.00 М/ф "Мойдодыр". "Малыш и Карлсон". "Карлсон вернулся" 16+
08.00 Х/ф "Кубанские казаки" 0+
09.45 Д/ф "Кубанские казаки". А любовь девичья не проходит, нет!" 16+
10.25 Исторические курорты России. "Пятигорск" 16+
10.55 Х/ф "Приключения Буратино" 0+
13.10 Большие и маленькие. Избранное 16+
14.10, 22.35 Три минуты тишины 16+
14.15, 00.45 Д/ф "Розовая чайка" 16+
14.55, 22.40 Х/ф "Родная кровь" 12+
16.25 Пешком... 16+
16.55, 00.00 Острова 16+
17.40 "Живые и мертвые. "Солдатами не рождаются" 16+
18.35 Д/ф "Евгений Куропатков. Монолог о времени и о себе" 16+
19.30 Новости культуры 16+
19.45, 19.45 Международный музыкальный фестиваль "Дорога на Ялту" 16+
01.25 Искатели. "Секреты сокровищ дома Мараевых" 16+
02.10 Д/ф "Забытое ремесло". "Ткач и пряха" 16+
02.25 М/ф "Пер Гюнт" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Д/ф "Динамо" Ленинград" 12+
07.00, 10.00, 14.25, 17.35, 20.55 Новости
07.05, 13.40, 17.00, 22.05 Все на Матч! 12+
10.05 Бокс. Чемпионат мира. Мужчины. Трансляция из Узбекистана 0+
10.55 Художественная гимнастика. Кубок сильнейших. Прямая трансляция из Москвы
14.30 Баскетбол. Единая лига ВТБ. Финал. Прямая трансляция
17.40 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Женщины. Финал. "Локомотив" (Калининградская область)-"Динамо" (Москва). Прямая трансляция
19.55 Д/ф "Внуки победы" 12+
21.00 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 0+
22.55 Профессиональный бокс. Нокауты 16+
00.55 Смешанные единоборства. UFC. Алджэмейн Стерлинг против Генри Сехудо. Трансляция из США 16+
01.55 Футбол. Чемпионат Бразилии. "Коринтианс"-"Форталеза". Прямая трансляция

### ТВЦ
06.30 Х/ф "Загадка Цезаря" 12+
08.00 Х/ф "Загадка Евклида" 12+
09.40 Х/ф "Загадка Римана" 12+
11.30, 22.00 События
11.45 Х/ф "Государственный преступник" 6+
13.35 Д/с "Назад в СССР" 12+
14.20 Наша смешная жизнь 16+
15.10 Х/ф "Дела житейские" 12+
18.35 Х/ф "Проклятие брачного договора" 12+
22.20 Х/ф "Звезда" 12+
00.05 Д/ф "Шесть дней из жизни маршала Рокоссовского" 12+
00.45 Д/ф "Покорители вершин военной науки" 12+
01.45 Х/ф "...А зори здесь тихие" 12+
04.45 Д/ф "Война в кадре и за кадром" 12+
05.25 Д/ф "Война после Победы" 12+
06.05 Д/ф "Любовь войне назло" 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30 6 кадров 16+
06.55, 23.00 Х/ф "Танцор диско" 16+
09.35 Х/ф "Танцуй, танцуй" 16+
12.35 Х/ф "Сердце женщины" 16+
14.40 Х/ф "Ангел в сердце" 16+
19.00 Х/ф "Жена с Того Света" 16+
01.35 Т/с "Чужая дочь" 16+
04.45 Т/с "Знать будущее. Жизнь после Ванги" 16+
06.05 Х/ф "Опасный круиз" 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 03.35 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.40 Х/ф "Решение о ликвидации" 16+
08.30, 12.30 Новости 16+
08.45 Х/ф "День Д" 16+
10.25 Х/ф "Супербобровы" 12+
12.45 Х/ф "Хоттабыч" 16+
14.35 Х/ф "Напарник" 16+
16.30 Х/ф "Призрак" 16+
18.40 Х/ф "Тайна печати дракона" 6+
21.10 Х/ф "Вий 3d" 12+
23.45 Х/ф "Скиф" 18+
01.50 Х/ф "Монгол" 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
07.00 М/ф "Буба" 6+
07.45 Х/ф "Приключения мышонка Переса" 0+
09.40 Х/ф "Приключения мышонка Переса-2" 0+
11.25 М/ф "Мальчик-дельфин" 6+
13.10 М/ф "Кощей. Похититель невест" 6+
14.45 Х/ф "Человек-паук. Возвращение домой" 16+
17.25 Х/ф "Человек-паук. Вдали от дома" 16+
20.00 Фактор страха. Испытание тайгой 16+
21.00 Х/ф "Последний охотник на ведьм" 16+
23.05 Х/ф "Данди по прозвищу крокодил" 12+
